

.....

CHAPIT 25

Zouti ki fèt alamen ak zouti pou aprantisaj

Nan chapit sa a:

Ekipman ki pa koute chè.....443

Kwonomèt ki fèt alamen.....443

Balans ki fèt alamen.....445

Estetoskòp (sonn) ki fèt alamen.....445

Zouti pou aprantisaj.....447

3 fason senp pou fè
zouti pou aprantisaj.....447

Yon modèl grosès: matris la,
manmanvant
la kòd lonbrit la, ak ti bebe.....454

Modèl yon basen (bavant), yon matris,
ak yon vajan.....448

Yon modèl akouchman: modèl bwat ak
modèl pantalon.....461

Zouti ki fèt alamen ak zouti pou aprantisaj



Ekipman ki pa koute chè

Pati sa a bay eksplikasyon sou kèk zouti yon fanmsaj ka fè pou ede l ak travay li.


Kwonomèt ki fèt alamen

Si ou pa gen yon mont oswa yon revèy, ou ka fè yon senp kwonomèt pou mezire kantite batman kè oswa kantite respirasyon (souf) nan yon minit. Pa gen youn nan kwonomèt sa yo ki efikas menm jan ak yon revèy, men yo travay byen kanmenm. (Lè ou fèk fè kwonomèt la, ou ap bezwen sèvi ak yon revèy pou mezire ki longè yon minit ye.)

Kwonomèt ki fèt ak sab

Yon kwonomèt ki fèt ak sab genyen yon tib an glas ki fèm nan de pwent yo. Li gen yon kou ki byen etwat nan mitan. Li gen enpe sab fen ladan l. Sab la pran yon kantite tan egzat pou li soti nan pati anlè a epi ale nan pati anba a.




Yon kwonomèt ki fèt sou fòm ze, oswa yon kwonomèt an sab ki mezire 3 minit, ka disponib pou bon machec nan kèk zòn. Lè ou ap sèvi ak youn, konte kantite batman kè oswa kantite souf moun nan pandan 3 minit, epi divize l pa 3 pou ou ka jwenn ki konnen kantite batman kè oswa ki kantite souf li bay nan yon minit. Ou ka sèvi ak kwonomèt sa a tou pou ou wè si kontraksyon yo vini chak 3 minit.



Kwonomèt an sab ki mezire yon (1) minit

Pou fè yon kwonomèt an sab ki mezire yon (1) minit, swiv etap sa yo:


1. *Pran yon tib an glas, chofe pati mitan nan sou yon ti fou bèk Bunsen oswa sou yon lòt ti flanm dife ki byen cho.*
2. *Detire tib la pou li ka bay yon ti kou fen nan mitan an.*
3. *Kite youn nan pwent yo fonn dousman jiskaske li bouche.*




4. *Pran enpe sab fen, lave l pou retire kras ki ladan l. Mete l sèch nan solèy, epi pase l nan yon paswa byen fen. Answit, chofe sab la pou ka retire tout ti rès dlo ki ladan l.*



5. *Mete nan tib la yon ti kantite sab kap pran egzakteman yon minit pou soti na yon pati tib la pou ale nan lòt pati a. Sèvi ak yon mont ki gen zegwi segond ladan l pou ou ka kontwole l.*



6. *Bouche lòt pwent tib la.*



Lòt metòd ki pi fasil se lè ou sèvi ak yon « glas mou », oswa yon tib ki fèt pou kenbe san. Sèvi ak yon flanm dife cho pou fè yon ti kou fen nan mitan tib la. Ou pa bezwen fonn pati ki louvri nan pwent la – selman bouche lòt pwent la ak yon bouchon oswa ak yon riban an kawoutchou. Kote ki gen klima imid, kwonomèt sa a ka pa bay rezilta ki twò egzat.

Pa sezi si ou oblije eseye fè yon kwonomèt ki fèt ak sab plizyè fwa anvan ou reyisi fè l byen. Si sab la ap kole, chèche you n ki pi fen, pi lis, epi asire ou li byen sèch. Asire ou kantite sab la egzat anvan ou bouche tib la. Pou pwoteje kwonomèt la, mete l nan yon bwat boure ak koton oswa ak twal. Tib la ka kase nan kou byen fasil.

Kwonomèt ki fèt ak dlo

Kwonomèt ki fèt ak dlo fasil pou fèt, men yo mwens efikas pase kwonomèt ki fèt ak sab.

Sèvi ak yon tib an glas oswa plastik. Plis tib la pi long epi li pi fen, kwonomèt la ap ka bay pi bon rezil ta.

Pou fè yon twou ki etwat nan tib glas la, kenbe l anlè yon flanm dife cho, epi detire l, mete l frèt, epi kase l.


Kenben tib la nan pozisyon kanpe dwat, epi mete dlo ladan l jiskaske li plen nèt. Kenbe yon mont nan lòt men an; mezire ki kote nivo dlo a desann egzakteman nan yon minit. Kontwole sa plizyè fwa, epi make plas la swa ak yon lank, yon kitèks, oswa yon moso adezif.



Nòt: Gen delè yon kwonomèt ki fèt ak dlo oswa ak sab ka bouche epi li bay move enfòmasyon. Donk li bon pou ou ta sèvi ak yon mont oswa ak yon revèy pou kontwole kwonomèt la detanzantan


Kalkilatri ki fèt alamen pou kontwole dat pwobab (akouchman an)

Gade paj 527 pou wè zouti ou ka fè pou kontwole dat pwobab yon fanm ka akouche - si ou konnen dat li te gen dènye règ li.




Estetoskòp (sonn) ki fèt alamen

Yon estetoskòp se yon tib ki gen yon espas vid ki fè li pi fasil pou koute son anndan lestomak ak vant yon moun. Se yon bon zouti ki pèmèt ou koute batman kè ti bebe a anndan matris manman l.




Estetoskòp ki bi bon yo fèt ak metal epi ak plastik, e yo ka koute chè. Sepandan, ou ka fè plizyè kalite estetoskòp ki fèt alamen:


- Sèvi ak yon tib an banbou, an bwa oswa an ajil ki gen yon espas vid.



- Pran tèt yon boutèy plastik ki gen kou fen, epi yon moso tib an kawoutchou.



- Koupe pati anlè yon aspirate an boul; sèvi avèk li ak tout yon moso tib kawoutchou.




Balans ki fèt alamen

Yon balans ki achte nan magazen pi efikas, epi li pi fasil pou sèvi pase yon balans ki fèt alamen, men balans ki fèt alamen yo pa koute chè epi yo pi fasil pou fèt.

4 kalite balans


Balans sispandi

Kalite balans sa a pi fasil pou fèt epi se balans ki pwobabman pi efikas. Pout la ka fèt ak bwa sèch oswa ak banbou. Kantite pwa ki deplase a ka se yon sak, yon boutèy, oswa ti mamit ki ranpli ak sab.




Balans pliyant

Balans sa a fasil pou pote soti yon kote pou ala nan yon lòt. Li pi efikas si l fèt ak metal oswa ak moso playwood.




Balans demi ka

Si balans sa a fèt ak playwoud, sèvi ak fèy tòl pou ranfòse kwen ki pi wo a. Li dwe peze ant 1 ak 2 kilogram. Li ka fèt ak moso metal oswa moso tiyo ki lou.



Balans ak resò


Balans sa a fèt ak yon resò woule anndan yon tib ki fèt ak banbou. Resò a dwe gen yon longè ki anviwon 30 santimèt (30cm); li dwe peze rive nan mwatye longè l, epi li dwe peze 15 kilogram (15kg).



Kòman pou fè yon bon balans


Pou byen make balans la, ou ap bezwen yon kantite pwa nòmral. Petèt ou kapab:

- prete yon kantite pwa nan men yon machann (ki sèvi ak balans).
- mete sab nan kèk sak epi konpare l ak balans yon machann.
- sèvi ak ti pakèt oswa ti mamit manje ki peze yon kilogram (1 kg).



Pou ou make balans la

1. Mete sou li yon pwa ki peze yon kilogram (1 kg).
2. Balanse kantite pwa ki deplase a.
3. Fè yon mak nan plas la epi ekri « 1 »
4. Kounye a ajoute yon (1) kilogram anplis alafwa, rebalanse pwa a epi mete yon mak chak fwa, jiskaske ou genyen 6 oswa 7 mak sou balans la.




Zouti aprantisaj

Pati sa a eksplike kòman pou fè kèk zouti ki pou ede aprann kichòy sou zafè kò fanm, sou gwosès, ak akouchman. Zouti sa yo ka sèvi pou aprann lòt fanmsaj, fanm ansent ak manm fanmi yo, oswa moun nan kominote a ki vle aprann kichòy sou lasante repwodiktiv fanm yo. Pifò moun aprann pi fasil lè yo sèvi ak kalite zouti sa yo pase lè yo aprann nan liv sèlman.

3 metòd senp pou fè zouti aprantisaj


Kopye yon chema




Kèk nan zouti aprantisaj sa yo gen chema ladan yo pou fè modèl. Pou kopye yon chema, mete yon moso papye fen sou li. Si se posib, kole papye a ak adezif pou l ka pa deplase. Apresa, trase chema a sou moso papye fen an. Retire mose papye fen an, epi tache l oswa kole l sou twal oswa sou katon ou pral koupe a.

Sèvi ak dyapozitif (imaj nan pwojektè) pou fè yon postè

Mete yon gwo moso papye oswa yon gwo moso twal sou yon mi. Answit mete yon imaj nan yon pwojektè, epi mete foto a pou l briye sou moso papye a oswa sou twal la. Trase foto a jan li ye a. Touswit ou fin gen desen an, kolore l.




Fè modèl yo sou papye mache



Papye mache se yon bon materyèl pou fè modèl pati ki nan kò moun. Pa egzanp, si ou vle fè modèl tèt yon ti bebe, sèvi ak yon blad, oswa mete kèk franj papye jounal sèch nan yon sak. Answit brase dlo ak

farinfrans pou fè yon pat.

Tranpe franj jounal yo oswa lòt kalite papye nan pat la, epi tann franj yo sou blad la. Mete plizyè moso epi kite l sèch. L ap seche nan solèy byen. Pentire pati deyò a pou l ka sanble ak tèt yon ti bebe.





Modèl yon basen (bavant), matris, ak vajen


Yon basen (bavant) ki fèt ak papye

You can make a simple model of the pelvis using a piece of stiff paper or thin cardboard.


1. Premyèman, trase fòm ki anba papye fen an pou l ka fè yon chema.
2. Pliye moso papye rès la an de (2) mwatye. Answit mete pati chema sa a kote ki pliye a.



3. Koupe papye a nan pwent chema a, answit depliyè papye a. Fè yon mak nwa sou chak kote yo pou montre ki bò zo janm yo ale. Fè twou yo la a.




4. Koube papye a tou won epi fè pwent yo kontre ansanm pou devan an vin bay fòm yon zo basen. Asire mak nwa a parèt sou deyò. Pou pati devan zo basen an (bavant) ka rete won, mete yon moso katon fen ki pase anndan zo basen an. Repliyè zo ranch yo (anlè chak kote) al dèyè byen dousman.




5. Koube koupyon (koxsis) an al dèyè.



6. Answit repliyè l al devan.



7. Pliye ti pwent yo ale sou devan.




Pwent yo

Ou ka sèvi ak basen (bavant) sa a ak yon poupe (gade paj 459) pou montre kòman yon ti bebe pase nan zo basen manman an pou l ka fèt.


Yon matris ak yon vajen ki fèt ak twal

Matris la

1. Pou fè chema matris yon fanm ki pa ansent, koupe 2 moso twal ki gen gwosè sa a. Li pi bon pou sèvi ak twal ki ka detire. (Si ou pa gen twal ki detire, koupe twal la yon ti kras pi laj pase foto sa a).




2. Mete moso matris yo ansanm epi koud yo sou liy pwentiye a. Kite pwent anlè a louvri.




Kite pwent sa a louvri – pati landwat yo sou anndan.


3. Vire matris la lanvè.




4. Boure anndan matris la (prèske fin plen l) ak materyèt mou.




5. Mete yon chalimo plastik oswa yon tib ki fèt ak twal sou chak kote anlè matris la, tankou sa a:




6. Stuff more soft material in the top.



7. Koud pati anlè a jis li fèmen, epi fè yon franj nan pwent 2 tib yo tankou sa a :




8..Fè de ti boul twal nan fòm sa a pou montre ovè yo, kote ze yo fèt nan vant manman an. Boure yo ak twal mou.



9. Si ou sèvi ak yon chalimo plastik pou montre tib yo, koud yon fisèl byen solid nan youn nan ovè yo.




10. Lè matris la fini, li dwe sanble kon sa:




Mete fisèl la anndan chalimo a epi tache l ak lòt ovè a. Si ou sèvi ak tib ki fèt ak twal, koud yon ovè sou chak pwent.

Vajen an


Koupe yon moso twal ki menm gwosè epi menm fòm ak sa a:




2. Koud yon ti moso fè mou
oswa yon moso plastik
nan pwent (tou plat) twal
la.




3. Pliye twal la pou l vin tounen yon tib. Koud li epi kite yon ti ouvèti jis pou kòl matris la ka antre.




4. Koud yon moso twal la a.



5. Vire tib la pou pati dwat la parèt sou deyò. Fè yon ne la a pou montre klitoris la. Fè yon liy pwentiye oswa yon twou pou montre irèt la (pasaj kote pipi a soti).




6. Pou ka kole matris la ak vajen an, mete pati anba matris la anndan pasaj ki nan vajen an.



Sèvi ak modèl la

Men kèk mwayen ou ka sèvi ak modèl sa a pou aprantisaj:

1. Elèv yo ka mete dwèt yo anndan vajen an pou yo ka touche kòl matris la.



2. Ou ka kenbe matris la devan vant ou pou moun yo ka konprann ki kote matris la ye nan kò yo.



3. Ou ka montre ki kouman pou kanpe yon emoraji apre yon akouchman. Pliye matris la sou yon tablo oswa kole l pou montre kòman pou peze matris la sou zo basen (zo bavant) an.




Modèl yon gwosès: matris la, manmanvant lan, kòd lonbrit la, ak ti bebe a.

Yon matris ki fèt ak kalbas


1. Chèche jwenn yon kalbas ki gen fòm sa a:



2. Fè yon twou nan pati anba a epi debouche tèt la.



3. Fè yon poupe senp ak twal. Pa fè poupe a gwo, pou l ka antre anndan kalbas la. Sèvi ak yon ti moso kòd oswa yon fisèl pou reprezante kòd lonbrit la, epi yon ti zòrye pou manmanvant lan.




4. Mete poupe a anndan kalbas la. Ou ka kole manmanvant lan (ak lakòl) anndan vant kalbas la.




(Gade paj 459 pou jwenn lòt mwayen pou fè poupe.)

5. Fè yon vajan ak yon tib ki fèt ak kwi, katon di, kawotchou, oswa kèk lòt materyèl. Fè yon twou nan tèt la. Kite yon pwent louvri epi koud lòt pwent la pou fèmen l.



6. Mete pati anba matris la anndan twou ki anlè vajan an. Petèt ou ka jwenn kèk mwayen pou fè l kanpe.




7. Si ou vle montre yon kòl matris ki louvri, fè yon lòt matris kalbas ki louvri pa anba, tankou sa a:




Yon matris ki fèt ak twal


1. Koupe 2 moso twal ki menm fòm ak sa a. Twal la dwe gen yon longè anviwon 33 santimèt (33 cm oswa 13 pous). Lajè a dwe anviwon 27 santimèt (27 cm oswa 10 pous edmi) anlè, epi anviwon 15 santimèt (15 cm oswa 6 pous) nan lajè anba. Li pi bon pou sèvi ak twal ki ka detire.




2. Koupe yon moso twal sou fòm wondèl ki menm gwosè ak manmanvant lan (gade paj 456). Koud li sou youn nan moso matris la. Wondèl sa a montre espas kote manmanvant lan kole a.




3. Mete ansanm moso yo ki prale sou kote matris la epi koud yo konsa:



4. Vire pwent ki louvri a anlè epi koud li. Kite ase plas pou yon kòdon pase. Se kòl matris la l ap ye.




5. Vire pati dwat matris la deyò. Mete yon kòdon oswa yon moso elastik pase anba sou kouti a.




Manmanvant lan


1. Pou fè manmanvant lan, koupe 2 moso twal an sèk. Sèk yo dwe mezire 22 santimèt (22 cm oswa 8 pous edmi). Yo pa oblije fin won nèt




2. Pou fè manbràn yo (pòch lezo yo), sèvi ak yon twal fen ki pèmèt ou wè anndan l. Koupe twal la sou yon lajè ki anviwon 30 santimèt (30 cm oswa 12 pous), ak yon longè ki anviwon 72 santimèt (72 cm oswa 28 pous).



3. Depoze youn nan sèk yo fas anba nan mitan twal fen an. Koud sèk la sou matris la, men pa koud li jis nan pwent.




4. Vire lòt ba twal fen an. Pliye moso twal fen an ak prekosyon ale sou andedan lòt sèk la, epi tache l ak zepeng pou l ka rete andedan sèk la. Kite sou kote sèk la parèt byen klè.



5. Mete lòt sèk la fas anba sou premye sèk la tou sou twal fen ki pliye a. Koud li prèske toutalantou, kite yon ti ouvèti.




6. Vire sèk la lanvè. Retire zepeng la, epi manbran yo ap louvri.





Boure manmanvant lan ak kèk moso materyèl fen, tankou mous an kawotchou, ranyon, oswa zèb sèch.

7. Koud ouvèti a pou l ka fèmen




8. Vire manmanvant lan sou kote ki pa kouvri ak twal fen an. Se pati anba manmanvant lan – pati ki kole ak kò matris la.


Si ou vle, koud pati anba avèk yon kouti pike nan yon fason pou segman yo ki nan manmanvant lan ka parèt. Pa kite kouti pike a parèt nan pati anlè manmanvant lan. Pati anlè a dwe lis.



9. Let the thin material hang down, and sew the sides together to make a tube.




10. Turn up the bottom of the tube and sew it, leaving a space that a drawstring can fit through. Thread a drawstring through the bottom of the tube.



Kòd lonbrit la

1. Koupe yon moso twal long ki anviwon 52 santimèt (52 cm oswa 20 pous) sou longè ak 8 santimèt (8 cm oswa 3 pous) sou lajè.




2. Pliye twal la nan sans longè, epi koud sou kote a.




3. Vire twal lanvè. Boure l ak yon bagay mou, menm jan ou te boure manmanvant lan.




4. Pou ka montre venn ak atè ki nan kòd lonbrit la, vire 3 fisèl byen près oswa 3 moso fil tekstil toutotou kòd lonbrit la, epi koud yo desann pou yo pa mare. 2 nan fisèl yo dwe gen menm koulè. Si se posib, kouvri kòd lonbrit la ak yon moso twal fen, menm jan ou te fèpoumanbran yo, pou l ka parèt konsa:




5. Koud yon pwent nan kòd la sou tèt manmanvant lan (pati ki kouvri ak twal fen an). Desine kèk venn sou kote sa a nan manmanvant lan ak yon fet oswa yon plim ki gen lank.




6. Kole lòt pwent kòd la sou yon poupe (gade paj 459). Ou kapab koud kòd lonbrit la sou poupe a oswa tache l ak yon zepeng..





Pou ka montre ti bebe a anndan sak lezo a, mete poupe a anndan sak la epi fèmen l ak kòdon an. Pou ka montre li kase lezo, louvri kòdon an.




Ti bebe a




Menm si pa gen okenn poupe ki ka sèvi pou yon ti bebe, poupe ki pi bon an se sa ki gen yon tèt di epi yon kò ki mou. Si ou ap fè yon poupe, swiv etap sa yo:

1. Fè tèt la ak mitan yon papye mache


2. (gade paj 447). Fè desen yon figi nan tèt la, epi pentire sou pati mou an oswa sou liy kouti yo (gade paj 259).



2. Koud yon kò ki gen gwosè nòmal pou poupe a, ak yon tèt won ki yonti kras pi piti pase tèt di ou sot fè a. Boure twal la ak mous kawotchou, ranyon, oswa zèb sèch, pou l ka sanble ak kò yon ti bebe. Answit boure tèt ki fèt ak twal la anndan espas vid ki nan mitan tèt di a.




Si l pa fasil pou sèvi ak papye mache, men lòt mwayen ou ka eseye pou fè yon tèt di. Boure kò a epi figi a ak moso twal mou, epi boure anlè tèt la ak youn nan sa yo: yon kalbas; yon ti boul di; yon moso bwa won byen lis; oswa yon wòch won.





Sèvi ak modèl pou fè aprantisaj

Pou montre kòman tibebe a, manmanvant, ak manbràn yo byen ajiste anndan matris la, mete tibebe a anndan manbràn yo ak manmanvant lan, answit mete sak manbràn nan anndan matris la. Mete pati anba manmanvant lan apiye anlè sou sèk wouj ki anndan matris la epi tache l ak yon zepeng.

1. Rale kòdon an pou fèmen kòl matris la.



2. Epi louvri kòdon an pou tibebe a ka « fèt ». (Si ou vle montre li kase lezo, louvri kòdon ki sou manbràn yo.)



3. Retire zepeng la epi peze manmanvant lan soti pou montre manmanvant lan soti.




4. Eksplike sèk wouj anndan matris la sanble ak youn blesi louvri k ap bay san. Peze matris la pou montre kòman li dwe kontrakte pou l ka rete san an.



Yon modèl akouchman: metòd bwat ak metòd pantalon

Modèl Bwat


Pou montre kouman pou fè yon akouchman, koupe yon moso katon epi pentire l pou l sanble ak kò yon fanm. Fè yon twou pou poupe a ka pase. Fè yon vant soti sou kouvèti devan bwat la epi fè de tete yo sou kouvèti ki ale sou dèyè bwat la.




Pou fè bwat la parèt pi reyèl, ou ka mete l sou yon kabann bebe anba yon twal oswa yon lèn. Mete yon poupe sou bwat ki sou kabann nan pou l ka sanble ak yon fanm, epi fè yon moun kouche anba kabann nan. Moun sa a ka pouse pou fè bwat la moute pou l sanble ak kontraksyon epi li ka plenn tankou moun k ap akouche.



Oswa ou ka mete matris ak vajen ou te fè a nan bwat akouchman an pou moun yo ka wè kòman matris la ak vajen an byen ajiste nan kò a.



Modèl pantalon



Modèl patalon an montre pi byen kouman akouchman an fèt. Koupe yon gwo moso nan yon pantalon ize; fè yon gwo twou ladan l pou sanble ouvèti vajen an. Answit fè yon fanm mete pantalon an anwo rad li; fè l fè kòm si li gen tranche. Epi, nan twou ki nan patalon an, fanm nan ap pouse soti deyò yon poupe ki te kache nan rad li.